

UMUHARI UHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU MU BURUNDI "ITEKA"

Ryemejwe n'itegeko nshikiranganji n°530/0273 ryo kuwa 10 Munyonyo 1994, risubiramwo itegeko n°550/029 ryo kuwa 6 Ruhuhuma 1991

ICEGERANYO C'UMUHARI UHARANIRA AGATEKA KA ZINA MUNTU MU BURUNDI « ITEKA » KU NYIFATO Y'AGATEKA KA ZINA MUNTU MU BURUNDI MU KWEZI KWA Nyakanga 2026




Uwo uri wese ubahirizwa

Mukwibuka umupfasoni Mariya Korodetta Kwizera, umunyabigega w'ishirahamwe Iteka, yabuzwe irengero kuwa kuwa 10 Kigarama 2015. Kuva muri Kigarama 2015 gushika kuwa 30 Nyakanga 2026, abantu bashika 885 babuzwe irengero nibo ishishirahamwe Iteka ryamenyeshejwe, n'imiburiburi 87 barasubiye kuboneka abandi 798 ntibigeze basubira kuboneka. Umugwi w'igikorwa c'ishirahamwe ry'ibihugu vyunze ubumwe ku kuburwa irengero waramaze kumenyesha Reta y'uBurundi n'imiburiburi abashika 252 babuzwe irengero.

Ishirahamwe Iteka:

- ♦ « Ni umunywani w'ishirahamwe mpuza bihugu vyo muri Afrika vyegwa n'agateka ka zina muntu, ni umunywanyi akorana n'urunani mpuzamakungu rw'amashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu (FIDH),
- ♦ Rifise akaranga ko kwihweza imbere y'umugwi wa Afirika uharanira agateka ka zina muntu kuri numero iyerekana OBS.236 kandi ni umunywanyi wa ECOSOC.
- ♦ rigizwe n'Inani mpuzamashirahamwe 17 ku ntara hamwe n'ibisata 32 ».

¹<https://docs.un.org/fr/A/HRC/57/54>



IMPFUNYAPFUNYO.....	4
I. INTANGAMARARA	5
II. AMABI Y'IHONYANGWA RY'AGATEKA KA ZINA MUNTU.....	8
II.1. UBURENGANZIRA BW'ABANTU NO MURI POLITIKE.....	8
II.1.1. UBURENGANZIRA KU BUZIMA	8
II.1.1.1. UBWICANYI BUTEGUWE	8
II.1.1.2. UBURENGANZIRA BWO KUDAHOTERWA.....	9
II.1.1.2.UBURENGANZIRA BW'UKUDAKUBAKURWA	9
II.1.1.2.1. UKUBOREZWA IGUFA,UGUPFUNGWA CANKE UGUFATWA BUNYAMASWA N'AYANDI MABI ATAGIRA IZINA	9
II.1.1.2.2. AMABI AFATIYE KU GITSINA/UGUFATWA KU NGUVU	11
II.2. UBURENGANZIRA KU MIBANO,UBUTUNZI N'IMICO KAMA.....	12
II.2.1.IHUNGABANA RY'UBUTUNZI.....	12
II.2.2.UBURENGANZIRA KU NDERO.....	13
II.3. UBURENGANZIRA BW'IMIGWI	14
II.3.1. UBURENGANZIRA BW'ABANA	14
III. UGUSOZERA N'IBISABWA.....	15

AGNU	: Inama nkuru y'ibihugu vyunze ubumwe
ECOFO	: Ishure shingiro
CNDD-FDD	: <i>Inama y'igihugu iharanira demokarasi-urunani rukingira demokarasi</i>
Inama y'igihugu	
CNL	:Inama y'igihugu iharanira umwidegemvyo
CNIDH	: Umugwi wigenga wigenga ujejwe agateka ka zina muntu
CENI	: <u>Umugwi wigenga ujejwe amatora ku rwego rw'igihugu</u>
CEPI	: <i>Umugwi wigenga ujejwe amatora ku rwego rw' intara</i>
CEEAC	: Ishirahamwe ry'ubutunzi ry'ibihugu vya Afirika yo hagati
CIDE	: Amasezerano mpuzamakungu araba agateka k'abana
DESC	: Uburenganzira ku butunzi,imibano n'imico kama
FRODEBU : Urunani ruharanira demokarasi mu Burundi	
FDLR	: Urunani ruharanira demokarasi yo kubohoza u Rwanda
OPJ	: Inyamiramabi
ONU	: Amashirahamwe y'ibihugu vya Buraya
PNB	: Igiporisi c'igihugu c'uBurundi
RDC	: Repuburika iharanira demokarasi ya Kongo
UPRONA	: Urunani ruharanira iterambere ry'igihugu
VSBGs	: Amabi afatiye ku gitsina
SNR	: Igendereza ry'igihugu
TGI	: Sentare nkuru

I. INCAMAKE Y'ICEGERANYO

Iki cegeranyo ca Nyakanga 2026 kigizwe n'uruvange rw'ivyegeranyo vyo kundwi kundwi Iteka n' Ijambo kuva ku numero 542 gushika ku 545. Iki cegeranyo cihweza uko agateka ka muntu kifashe. Kiragaruka ku burenganzira bw'abantu no muri poritike n'uburenganzira ku burunzi, imibano n'imico kama hamwe n'uburenganzira bw'imigwi cane cane uburenganzira bw'abana. Iki cegeranyo kirangira mu gusozera hamwe n'ibisabwa.

Gutyo, agateka k'abantu no muri poritike muri kino kiringo ca kino cegeranyo cerekanywe uku gukwirikira: abantu 17 barishwe harimwo 8 batowe ibiziga bikwiragiye mu mihingo itandukanye y'igihugu. Ku bantu bishwe, 16 ni abagabo, 1 ni umugore. Abantu 2 baborejwe igufa, 4 bakorewe amabi afatiye ku gitsina, bese abagore bashurashujwe. Mu bakorewe amabo, ni abagore harimwo 3 bishwe na 5 bashurashujwe, abantu baborejwe igufa, abantu 5 banyurujwe.


Imbonerakure, abaporisi, abatware n'abandi bantu batari kure y'abanywanyi b'umugambwe uri ku butegetsi CNDD-FDD batatumwa urutoke nk'abikekwa ko menshi muri ayo mabi y'ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu n'ubwicanyi. Naho bamwe mubakoze amabi ntibaramenyekana, uburyo babikoramwo kenshi busa n'ubwakoreshejwe n'yo migwi yavuzwe.

1.1. IKIGARA C'AMABI Y'IHONYANGWA RY'AGATEKA K'ABANTU NO MURI PORITIKE.

Igicapol: Ikigara cerekana cerekana amabi nyamukuru y'ihonyangwa ry'agateka k'abantu no muri politike yibonekeje mu Burundi muri Nyakanga 2026.

Aho vyabereye / Intara	Igitigiri c'abakozweko					Bose hamwe
	Ugu hagarikwa	Ukunyuruzwa	Ukubore zwa igufa	Ub-wicanyi	Amabi afatiye ku gitsina	
Buhumuza	0	0	1	1	0	2
Bujumbura	0	5	1	2	1	9
Burunga	0	0	0	3	0	3
Butanyerera	0	0	0	1	0	1
Gitega	0	0	1	10	3	14
Zose hamwe	0	5	3	17	4	29

Allegations de violation et leur localisation




I. INCAMAKE YICEGERANYO (Ibikurikira urupapuro 5)

Ico kigara kiri hejuru cerekana imigwi 5 y'amabi mu ntara 5 zitandukanye z'igihugu harimwo Gitega na Bujumbura ziza kw'isonga mu mabi menshi gusumba y'honyangwa ry'agateka ka zina muntue ku ncuro 14 na 8 uko zikwirikirana,hagakwirikirira Burunga ku ncuro 3, hanyuma Buhumuza ku ncuro 2 hagahereza Butanyerera ku ncuro1.

Gutyo,muri kuno kwezi kwa Nyakanga 2026 kwa kino cegeranyo,umuhari Iteka waharuye abantu 29 bakorewe amabi y'honyangwa ry'agateka ka zina muntu no muri poritike ku butaka bwose bw'igihugu.Ayo mabi y'honyangwa ry'agateka ka zina muntu ahanini akwiragiyeugukwirikirira:abantu 17 bishwe, 4 bakorewe amabi afatiye ku gitsina, 3 baborejwe igufa n'abantu 5 banyurujwe.

Ikigara 2: Ikigara cerekana abantu nyamukuru bikekwako uguhonyanga agateka ka zina muntu no muri politike mu Burundi muri Nyakanga 2026

Abikekwako ivyaha	Buhumuza	Bujumbura	Burunga	Butanyerera	Gitega	Zose hamwe
Abaporisi	0	1	0	0	0	1
Iperereza	0	4	0	0	0	4
Iyindi migwi	0	1	0	0	4	5
Abantu batamenyeka-nye	0	1	2	1	6	10
Imbonerakure	1	1	0	0	1	3
Ahishwe utwana	0	1	1	0	0	2
Ukwihorana	1	0	0	0	4	5
Vyose hamwe	2	9	3	1	15	30




Muri Nyakanga 2026, igitigiri c'amabi y'honyangwa ry'agateka zina muntu ari hejuru ,nk'amabi yakozwe n'abantu batamenyekanye(incuro 10). Ayandi mabi arimwo ukwihorera (incuro5),abigenga (incuro 5), abakozi b'iperereza (incuro 4), imbonerakure (incuro 2),hamwe n'igiporisi (incuro1). Ubwicanyi bw'abana 2 nabwo bwaramenyekanye.

I. INCAMAKE Y'ICEGERANYO (Ibikurikira urupapuro 6)

Igicapo ca 3: Igicapo cerekana ibintu nyamukuru vyakozwe n'abakozi bo mu ntwaro kubw'uguhungabanya kw'agateka ka zina muntu

Ubwoko bw'amabi	Ibitigiri vy'amabi	Ibitigiri vy'ibikorwa vyakozwe	Ntacakozwe
Uguhagarikwa	0	0	0
Ukunyuruzwa	4	1	3
Ukuborezwa igufa	3	2	1
Ubwicanyi	17	8	9
Amabi afatiye ku gitsina	4	4	0
Igitigiri ca vyose	28	15	13



Mu kiringo cizweko, amabi 28 yose hamwe yaraharuwe, muriyo harimwo amabi yagize ico akorwako angana 26, yashizwe mu migwi itatu mikuru mikuru. Ibikorwa vyinshi bijanye n'uguhagarika abiketswe mu ntumbero y'amatohoza. Ibindi bikorwa, nk'ugutegura gushingura abishwe, harimwo indongozi mu ntwaro bategeka izo ingingo atanuko hakoze amatohoza yambere. Amabi amwe amwe yatorewe umuti mu guhagarika no gucira imanza abakoze amabi, bigatuma babapfunga, mu gihe izindi manza zikiriko zirakurikiranwa, bifatanye n'amatohoza y'ubutungane.



Uwo uri wese ubahirizwa

II. IBIREGO VYO GUHONYANGA AGATEKA KA ZINA MUNTU

II.1. UBURENGANZIRA BWO KWIGENGA NO MURI PORITIKE


Uburundi buri mu bihugu vyashize umukono ku masezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'ukwigenga na politike(1965) hamwe n'amategeko yaryo mpfatakibanza (1976) ntabanduka kuwa 9 Rusama 1990, icatumye mu ntumbero yo kuyashira mungiro, uBurundi bufata ingingo ingingo mu mategeko abugenga nko mu'ibwirizwa shingiro ryo kuwa 7 Ruheshi 2018(Itegeko kizigenza) mu ngingo yaryo 19 ivuga koamategeko yose yasomwe kandi agashigwaho n'amategeko mpuzamakungu yashizweko umukono ko ashizwe ashizwe mu'iryo bwirizwashingiro, amategeko arishira mu ngiro yarashizweho nko mu'itegeko mpanavyaha ryo kuwa 29 Kigarama 2017 no mu'itegeko rishira mungiro ibihano ryo kuwa 11 Rusama 2018 hamwe n'ayandi mashirahamwe akingira agateka ka zina muntu mu Burundi yarashizweho.

II.1.1 UBURENGANZIRA KU BUZIMA

II.1.1. 1. UBWICANYI BWATEGUWE

Mu kirindiro c'iki cegeranyo, umuhari Iteka waharuye amabi y'ubwicanyi 17 yose hamwe harimwo ibiziga 8 vyatowe ku butaka bwose muri iki kiringo cakoreweko n'iki cegeranyo. Mubakorewe amabi harimwo abagabo 17 n'umugore 1. Intara ya Gitega yarakozweko cane, abakorewe amabi banhgana 10 n'ibiziga 4, ikurikirwa na Burunga ku bantu 3

Intara	Incuro cy'ubwicanyi	Ibitigiri vy'abakorewe amabi		Abagabo	Abagore
		Ubwicanyi	Ibiziga vyatowe		
Buhumuza	1	1	0	1	0
Bujumbura	2	0	2	2	0
Burunga	3	1	2	3	0
Butanyerera	1	1	0	1	0
Gitega	10	6	4	9	1
Igitigiri ca vyose	17	9	8	16	1



⇒ **Uburoro buvuyerekana:**

Ak1: Umuntu yarakubiswe buyoka n'umubanyi wiwe muri komine Karusi, iri mu ntara ya Gitega. Ivyo vyabaye kuwa kane igenekerezo rya 3 Nyakanga 2026, hafi isaha cumi n'imwe, kumutumba Rwandagaro, muri zone ya Buhindye, muri komine ya Karusi. Uwishwe, yitwa CIMPAYE Sanctus, umugabo ari mu mugambwe CNDD-FDD w'imyaka irenga 50 kandi w'umurimi, yarishwe akubiswe inembo mu mutwe n'umubanyi wiwe, CONGERA Berchmans, nawenyene ni umunywanyi wa CNDD-FDD kandi w'umurimi, w'imyaka irenga 50.

II.1.1 UBURENGANZIRA KU BUZIMA(Ibikurikira ku rupapuro 8)

Kubwo ivyashikirijwe n'icabona cari ngaho,amatati yatanguye igihe uwo yishwe yategeka umugore w'uwo bashwana kumuriha ideni ry'itabi ry'ikirundi ry'amahera 500,ikiringo cimini ibiri co kuyariha cari camaze kurenga.Uwo mubanyi yumvise amarira y'umugore wiwe hanyuma yikeka uwo mugabo ko afitaniye imigenderaniye n'umugore wiwe,yaciye azana indembo hanyuma aja muhira kw'uwo yishwe yarahagaze imbere y'inzu yiwe,kugira amukubite mu mutwe. Uwo muhise yapfiriye aho nyene. Uwakoze iryo bara munyuma yaciye ahunga aja ahantu hatazwi. Kuwa gatandatu ,igenekerezo rya 5 Nyakanga,musitanteri wa komine,arikumwe n'umuhanuzi wiwe,barashitse aho vabereye kugira batekanye abanyagihugu hamwe no kubuza ibikorwa vyose vyo kwihora. Kubwo indongozi mu giporisi,baratanguye kumurondera.

Ak2: Ikiziga c'umugabo caratowe kuwa 7 Nyakanga 2026 muri karatiye Bwiza, muri zone Bwiza, muri komine Mukaza, mu ntara ya Bujumbura.

Kubwo ivyabona,ikiziga catowe mu muserege ugabura Nyakabiga na Bwiza. Abantu bamutoye bavuga ko atari yambaye nakimwe kandi ko yasa n'uwanzizwe imbere yo kumuta ahohantu.

Indongozi zaho zarashitse aho yatowe hanyuma bafata ingingo yo kurungika ikiziga mu buruhukiro bw'ibitaro vya Prince Régent Charles.

Ak3: Kuwa 18 Nyakanga 2026, ku mutumba Gisitwe, muri zone ya Mugendo,muri komine Kirundo, mu ntara ya Butanyerera, Nkeraguhiga Pierre, w'imyaka 54 , umurimy, yarishwe mugihe yaratashe muhira iwe inyumayo kumara umunsi ku murwa mukuru wa Gisitwe. Yarikumwe na Nibigira, umukuru w'Imbonerakure ku mutumba Gisitwe. Abo bantu 2 baguye mu mutego watezwe n'abantu batamenyekanye.

Nkeraguhiga Pierre yicishijwe umupanga. Inyuma y'iryo bara , Nibigira yarahagaritswe n'igiporisi ku mvo z'amatohoza.Mu gihe co gutororokanya amakuru,abantu bateze uwo mutego n'imvo z'ubwo bwicanyi ntiziramenyekana

II.1.1.2. UBURENGANZIRA WO KUDAKUBAGURWA KU MUBIRI NO MUVYIYUMVIRO

Ibwirizwa shingiro ry'uBurundi mu gace karyo ka 21 rivuga ko "Nta n'umwe wo gukubagurwa,gupfungwa canke gufatwa bunyamaswa".Kuri ivyo hiyongera ko itegeko n°1/04 ryo kuwa 27 Ruheshi 2016 rivuga ku gukingira abakorewe amabi,ritmora uburenganzira bw'abahuye n'ivyago kandi rigategukanya ingingo zo gukingira ubwisanzure bwabo.Ivyo vyerekana neza igihugu cyemeje gukingira abanyagihugu mu mpande zose

II.1.1.2.1. UKUBOREZWA IGUFA,UGUPFUNGWA,UGUFATWA BUNYAMASWA CANKE GUCINYIZWA


Muri uku kwezi kwa Nyakanga 2026,umuhari Iteka waharuye abantu 3 baborejwe igufa mu ntara za Buhumuza, Bujumbura na Gitega. Ntitworeka kubamenyesha ko amabi amwe amwe asa n'uguhohoterwa yibonekeza ku bantu bari mu busho bwo mw'iperereza kubwo imiryangi yabo.



Uwo uri wese ubahirizwa

II.1.1.2.UBURENGANZIRA BWO KUDAHOTERWAKU RUKOBA NO MU VYIYUMVIRO (Ibikurikira urupapuro9)

Intara	Incuro zo guhohoterwa	Ibitigiri vy'abako-rewe amabi	Abagabo	Abagore
Buhumuza	1	1	1	0
Bujumbura	1	1	1	0
Burunga	0	0	0	0
Butanyerera	0	0	0	0
Gitega	1	1	1	0
Igitigiri ca vyose	3	3	3	0



⇒ **Uburobero buyerekana:**

Ak1: Kuwa 25Nyakanga 2026, mu Kabezi, muri kome Mugere,mu ntara ya Bujumbura, **BIGIRIMANA Georges**, batazira Mateso, umwe mu bahuza bo ku mutumba Kabezi, yarakubiswe n’umunywanyi w’Imbonerakure azwi kw’izina rya **NIYONKURU Rodrigue**. Ku bwo intahe zatanze n’abantu bari aho, NIYONKURU Rodrigue yari mu bunywero bwitwa **Kungoma**, arikumwe n’izindi mbonerakure hafi zitanu. Amahane yadutse hagati ya Rodrigue n’umuntu yaraje kwivuna akanyota yitwa Richard,mugihe uyo yamuhereza inzoga.

Kubwo izo ntahe,amahane yatanguye inyuma yaho Richard yemezako ibikorwa vya **REGIDESO** bitagikora neza. Uguterana amajambo bunonyene vyahindutse indwano hagati y’abo bagabo babiri. Ni muri iyo ntumbero BIGIRIMANA Georges, batazira Mateso, yatabaye mu ntumbero yo kubatandukanya. Ariko,aho kubanguranya ngo azane ituze,ugutabara kwiwe kwateye ayandi mabi mashasha. Umuhuza yarakubiswe arashaya.

Inyuma yo gukubitwa, BIGIRIMANA Georges yarakomeretse kandi n’impuzu ziwe ziratabuka.Inyuma y’ivyo,abantu bariko barashwana barahavuye. Amakuru ari muri iki cegeranyo ntavuga haba uguhagarikwa rw’abakubise umuhuza haba n’urubanza rwabo mu gihe co kwegeranya amakuru.

Ak2: Kuwa 3 Nyakanga 2026 hafi y’isaha zibiri zo mugitondo,ku mutumba 8 Mubuga,ku gacimbiri Muhororo,muri Zone Mubuga,muri kome n’intara ya Gitega,uwitwa Nahimana Claude, w’imyaka 35, umuhungu wa Butoyi Pascal na Nzeyimana Cézallie,ava kuri uyomutumba nene,yatowe ari ikiruruma.

Kubwo isoko ryacu,uwo yahohotewe yatowe atekeye mw’igunira kandi abohesheje umusegetera mu mugongo hamwe n’amaguru kandi umubiri wose wariko ibikomere.


Uwo mugabo yararembye cane kandi yaciye ajanwa mu kigo c’ubuvuzi ku Mubuga kugira avuzwe vyihuse.

Ku bwo isoko ryacu,abantu babiri barikekwa kuba bari mukugerageza kumwica,nabo ni, Nizigiyimana Joël, basanze afise ibirato mu nzu yiwe y’ubudandarizo vy’uyo yakorewe ayo mabi na Ntahimperera Clovis, uwuvukana na Claude ariwe bari bafitaniye amatati kuwa 1 Nyakanga 2026. Bose ukwo ari babiribarahagaritswe ku mvo z’amatohoza. Uwo yatowe yari yabuzwe irengero mw’ijoro ryokuwa 1 Nyakanga 2026,inyuma y’imishamirano yabaye hagati y’abo bantu bavuzwe.

II.1.1.2.2. AMABI AFATIYE KU GITSINA/UGUFATWA KU NGUVU

Mu kiringo c'iki cegeranyo, umuhari Iteka waharuye abantu 4 bakorewe amabi afatiye ku gitsina ku butaka bwose bw'igihugu. Tubamenyeshako abakorewe amabi bose ari abagore n'abigeme harimwo abana 2 bakiri bato bafashwe ku nguvu. Mu kigara kiri aha muni, uko bakwiragiye intara ku ntara birerekana ivyo bitigiri. Gitega iza ubwambere ku bantu 3 bakorewe amabi, ikurikirwa na Bujumbura ku muntu .

Intara	Incuro z'amabi afatiye ku gitsina	Ibitigiri vy'abakorewe amabi		Abagabo	Abagore
		Amabi afatiye ku gitsina	Gufatwa ku nguvu		
Buhumuza	0	0	1	0	0
Bujumbura	1	0	0	0	1
Burunga	0	0	0	0	0
Butanyerera	0	0	0	0	0
Gitega	3	2	1	0	3
Zose hamwe	4	2	2	0	4



⇒ **Uburorero buyerekana:**

Ak1: Kuwa 1 Nyakanga 2026 hafi y'isaha zitandatu z' umurango , Nkwiye Philippe alias « Musokuru », w' imyaka 43, umuhungu wa Himbiri Louis na Bucumi Domitile, ava ku mutumba Mavuvu, muri Zone Makebuko, muri kominen'intara ya Gitega, yarahagaritswe yagirizwagushurashuza umukobwa akiri muto, w'imyaka 13, umukobwa wa N. L na de N. F, bava ku mutumbana zone Makebuko, kome n'intara ya Gitega.

Ku bwo isoko ryacu, uwoyashurashuye yaciye ajanwa ku kigo c'amagara y'abantu Humura c'i Gitega kugira akorerwe ibipimo hamwe no kuronswa ubuvuzi bwihuta. Uwikewako icaha yarapfunzwe mu gasho ka zone Makebuko, mukurindira inyishu ziva mu bipimo hamwe no kuja mu butungane.

Umuntu wa gatatu, yitwa Reverien yoba ariho yari ariko n'abo bantu abiri igihe bamutera ubwoba. Kubwo isoko ryacu, yataye ahunga igihe abarisi 3 bashika kuwa 3 nyakanga mu gatondo.

Ak2: Mu ijoro ryo kuwa mbere, igenekerezo rya 31 Nyakanga 2026, hafi y'isaha zitatu z'ijoro, ku mutumba Rwingoma, muri karatiye Mission, muri zone Buhiga, muri komine Karusi, umugabo yitwa AKEZA Siméon, umunywanyi wa CNDD-FDD, w'imyaka irenga 40 kandi umunyamabanga kw'ishure rikuru rya Buhiga, yarakubise umugore wiwe Marianne, nawenyene umunywanyi wa CNDD-FDD w'imyaka irenga 35 kandi agira isuku ku bitaro vy'i Buhiga. Yamwagiriza kuba yarungitse abana kuryama badafunguye. Ababanyu barashatse gutabara uwo mugabo arabirukana akoreseje umupanga.

II.1.1.2.2. AMABI AFATIYE KU GITSINA/UGUFATWA KU NGUVU (Ibikurikira ku rupapuro11)

Imbonerakure nazo zaratabaye hanyuma zijana uwo mugabo mu gasho k'igi porisi muri zone Buhiga,aho yaraye ijoro rimwe imbere yo kurekurwa atanze ihadabu y'amahera 50 000 FBu, atagitasi bamuhaye,yasabwe n'umukuru

Ak3: *Kuwa 25 Nyakanga 2026, havugwa ugushurashuzwa ku nguvu muri karatiye **Busoro,muri komine Mugere, mu ntara ya Bujumbura**. Uwo yashurashujwe afise **imyaka 11**,ni umunyeshure wo mu mwaka wa 5 kw'ishure nshingiro ya **Busoro**. Kubwo amakuru yatororokanijwe,yafashwe ku nguvu na se wiwe amuvyara muhira aho baba mu gihe nyina wiwe atariho yari. Inyuma yogukora iryo bara,umwana yabimenyesheje nyina. Hanyuma uyo nawe yaciye bunonyene atabaza indongozi zibifitiye ububasha. Se wiwe yarahagaritswe kandi yari apfungiwe ku kirindiro c' igiporisi mu gihe hatororokanywa amakuru. Umwana **yararonse ubufasha bwo kwa muganga** kuri ayo mabi yakorewe. Igihe co gutororokanywa amakuru,uwakoze iryo bara **ari mu minwe y'igiporisi ariko ntanakimwe** cerekeye ubutungane kiramenyeshwa.*

II.2. UBURENGANZIRA KU BUTUNZI,IMIBANO N'IMICO KAMA

Uburenganzira ku butunzi,imibano n'imico kama bufatwa nk'uburenganzira bwo ku rugezo rwa kabiri,buri mu masezerano mpuzamakungu ajanye n'uburenganzira bw'ubutunzi,imibano n'imico kama.Uburundi bwaremeje ayo masezerano kuwa 14 Ntwarante 1990 kandi bwarayashize mu' ibwirizwa shingiro ryo mu 2018,nko mu ngingo ya 19.Ico ubwo burenganzira bwihariye ni uko bushirwa mu ngiro intambwe ku yindi,bitandukanye n'uburenganzira bw'abigenga na poritike.Ama Reta yabushizeko umukono,harimwo Burundi, yiyemeje gushira mungiro ubwo burenganzira bivanye n'uburyo bafise.

II.2.1. UGUHUNGABANYA UBUTUNZI

Mu gisata c'ubutunzi, ukwezi kwa Nyakanga mu Burundi caranzwe n'ibintu bikomeye nk'umuriro waturiye mu Cibitoke wadutse mu gitondo mu karere ka Kigwati,warigise amazu 9 y'ubudandarizo acika umunyota kandi bitera igihombo gikomeye kuri beneyo. Kubwo ababanyi,imvo y'ayo mabi yoba iva mu ku muyagankuba wa REGIDESO utameze neza. Abahuye n'amabi basaba ubufasha bwihuta,mugihe abanyagihugu bihutisha REGIDESO gutunganya no gukomeza itangwa ry'muyagankuba.

Muri iki kiringo nyene,ugutunganya nabi irimwo n'ubusuma bw'ifumbire ya FOMI bubandanya bubabaza abanyagihugu b'abarundi naho hatanguye isekeza ryo gusubira kwandika ubugira kabiri abarimyi mu gice c'irima A 2026,ubusuma bw'ifumbire burabandanya mu ntara ya Bujumbura, cane cane mu makomine ya Bukinanyana, Cibitoke na Mugina n'ahandi muzindi ntara.Indongozi zaho z'umugambwe uri ku butegetsi,abakozi ba Reta,abadandaza ndetse n'abanywanyi b'Imbonerakure barikekwa ko bakora urudandazwa rw'ijoro rutemewe n'amategeko ruja muri Repuburika iharanira Demokarasi ya Kongo,ou gusubira kudandaza ububiko ku biciro vy' umurengera.

Indongozi zaho baratinya kudoma urutoke abakora ubwo busuma,bakeka ko bobangamirwa n'abo basuma bakingiwe n'ubutegetsi. Ikibano gisigura iryo yandikwa rikurikirana nk'uburyo bwo kwiyamamaza. Kubwo kumerewa nabi n'ikigoyi kiri mu barimyi batobato batanze uburyo bwabo ariko ntibaronke ifumbire,abanyagihugu basaba ko Reta iha ubwigenge igisata c'ifumbire n'imbuto.

II.2.2. UBURENGANZIRA KU NDERO

Mu kwezi kwa Nyakanga mu Burundi, ubukene bukomeye rishira mu kangaratete uburenganzira ku ndero bwaribonekeje, bijana n'umwuka w'ishure 2026-2027. Ibiciro biraduga ku bikoresho vy'ishure n'iduga ry'amahera y'ishure rishira imiryango mu bukene isanzwe ibayeho bigoranye, ibituma abana baheba amashure. Vyongeye, itunganya rishasha ry'intwari muri 2025 rituma abanyeshure bafata urugendo runini (ibirometero birenga 20), ibitera hagwira ibiturire mugihe co guhindura amashure. Mu nyuma, ukwugara amashure afise abanyeshure makeya vyateye kandi ingorane ku bavyeyi ku vyerekeye uburyo.

Kuri ivyo hiyongeraho ubukene bw'abigisha n'ukudashika kw'ihangiro kw'umugambi« Ntamwana numwe wo kwicara nabi »waharanirwa na Reta. Naho Reta yari yemeye guha akazi abigisha 5 000, barakamenye. Abigisha benshi bagenda hanze mu kurondera aho bahemba neza kugira bashobore kubeshaho imiryango yabo hanyuma bagahabwa umwuga wabo wo kwigisha. Hibonekeza kandi ubukene bw'intebe naho hari umugambi w'igihugu wo gukora no gutanga intebe zingana 336 000 mu mashure yose. Ukuzitanga vyacerewe cane kubera ubukene bw'umuyagankuba hamwe n'igitoro. Mu Rumonge, ukubura ibikoresho vyaratumye zidakorwa (hakoze intebe 2 000 gusa aho gukora 5 000), ibituma abanyeshure 3 gushika kuri 5 bategerezwa gusangira intebe imwe canke bagakurikirana ivyigwa mu masengero. Vyongeye, hariho ingorane zo gutunganya nabi, indongozi zisaba imiryango kuriha canke kwungurura intebe kandi umugambi wategerezwa kuriha ivyankenerwa vyose.

Naho Reta yari yategutse gusubira kwugurura amashure y'indaro, ingorane z'uburyo bwo kwakira abanyeshure zirabandanya, nk'ibitanda n'imatera. Hajamwo kandi imvungurwa zo kugaburira abanyeshure mu mashure y'indaro.

Kuri ivyo, mu ntara ya Burunga ku mashure ya Rumeza na Rumonge : Ayo mashure abiri y'indaro ari mu bihe bigoye cane imbere yuko ishure itangura. Ntabitanda bikwiye, imatera, imeza zo gufungurirako, abigisha, amazi meza, ibishobora gutera ingorane zijanye n'isuku.

Ntibagira imfungurwa kandi ntibararonka amahera Reta itanga. Vyongeye, amashure amwe amwe asaba abavyeyi amahera y'ishure menshi hamwe n'ibikoresho vy'ishure bizimvye, ibitubahiriza amategeko yo kwiga ku buntu yashinzwe n'indongozi.

Mu ntara ya Buhumuza, amashure yararengewe kubera ibitigiri vyinshi vy'abana bava mu miryango y'abarundi bahungutse bava muri Tanzaniya (amakambi ya Nduta na Nyarugusu) ndetse n'impunzi z'abanyekongo. Buramatari Denise Ndaruhekere aremera ko batiteguye bihagije kugira bakire abanyeshure bashasha, ivyunyura ubukene bwari buanzwe buhari mu birasi vy'amashure, bw'abigisha n'intebe (Intara yarisanzwe ikenye intebe 48 000 mu mwaka uheze).

Ukwakira abo bana bahungutse vyagize ingorane ku vyerekeye ukwiga ururimi rw'igifaransa, mu gihe muri Tanzaniya, biga mu mashure aho bigisha icongereza, ibicika intambamyi kuri abo bana.

II. 3. UBURENGANZIRA BW'IMIGWI

II.3.1.UBURENGANZIRA BW'ABANA

Uburenganzira bw'abana burakingiwe mu Burundi mu Masezerano mpuzamakungu ajanye n'agateka k'abana (CIDE) yashizweko umukono muri 1990. Igihugu kandi cashizeho amategeko na poritike vyo gukingira abana.

Iki cegeranyo ca Nyakanga gishira imbere ingaruka mbi cane ku bana. Amabi menshi yo gufatwa ku nguvu n'ayandi mabi atabereye yaratohojwe, cane cane ku bana b'abakobwa bakiri bato bo bakarirwa cane. Vyongeye, umuhari Iteka, mu vyegeranyo vyawo vya buri ndwi, ubandanya utera akamo cane ku mabi menshi ateye ubwoba bitera amakenga.

Mu makomine ya Bubanza, Rumonge na Rutana, vyabonetse ko muri izi ntara zibiri, inzoya zibiri zatawe canke zitorwa zapfuye mu buryo budasobanutse kandi buteye ubwoba. Mu Rutana mu ntara ya Burunga, hariyo kandi ingorane y'urudandazwa rw'abana rwama rwamesnyeshejwe ariko ntiruhagarare. Ivyo bintu biteye ubwoba vyerekana ko vyihutirwa kandi ko ari nyamukuru gutora umuti vuba na vuba kugira abana bakingirwe kandi bagire umutekano.



Uwo uri wese ubahirizwa

III. UGUSOZERA N'IBISABWA

Muri kiringo c'iki cegeranyo, itituka ry'agateka ka zina muntu ribandanya kwibonekeza mu burere butandukanye bw'igihugu.

Iki cegeranyo cerekana amabi abangamiye uburenganzira ku buzima; ku burenganzira bwo kudakubagurwa ku mubiri no ku mw'idegemvyo;uburenganzira ku butunzi,imibano n'imico kama.

Ku vyerekeye uburenganzira bw'ukwigenga na poritike hamwe n'ihungabana ry'uburenganzira ku butunzi,imibano n'imico kama kandi bikerekana umwitwarariko wawo.Umuhari Iteka uriyamiriza ukudahana kandi usaba ibikurikira:

⇒ *Kuri Reta y'Uburundi:*

- 1.Kwubahiriza agateka ka zina muntu, nk'uburenganzira bwo kubaho,bwo kudakubagurwa ku mubiri;
- 2.Gufata ingingo zo gusezerera ukudahana amabi hamwe no guhana abakoze amabi kugira bishure ivyaha bakoze;
- 3.Gutohoza no guhana bivuye inyuma amabi akorerwa abana bakiri bato hamwe n'ayandi mabi yo mu Burundi akorwa n'indongozi zo hasi hamwe n'abandi banywanyi b'umugambwe uri ku butegetsi;
- 4.Ku ndongozi zijejwe gukingira abana no kurwanya amabi afatiye ku gitsina,gukomeza ubuhinga bwo gukingira abakoze amabi,mukwitwararika abana bafashwe ku nguvu.

⇒ *Ku Bumwe bwa Buraya n'abandi bafasha Uburundi mu vy'ubuhinga n'uburyo:*

- 1.Gushigikira utwigoro tw'umuhari Iteka n'ayandi mashirahamwe aharanira agateka ka zina muntu mu gutohoza amabi ahonyanga agateka ka zina muntu muBurundi;
- 2.Gukoresha ububasha bwabo kugira bagondoze indongozi z'Uburundi kugira zubahe uburenganzira bwa muntu hamwe no kurandurana n'imizi ukudahana.



Uwo uri wese ubahirizwa